

<b>narcotic</b>	<b>nakotik</b>	kalite medikaman pou soulaje doulè; medikaman sa a afekte sistèm nève santral la.
<b>natural resources</b>	<b>resous natirèl</b>	Resous ki sou latè tankou lè, dlo, teren, tout òganis vivan, eleman nitritif, wòch ak mineral.
<b>natural selection</b>	<b>seleksyon natirèl</b>	mekanis pou chanjman nan popilasyon yo; sa rive lè òganis ki gen varyasyon favorab yo siviv, repwodui epi transmèt varyasyon yo pa pwochen jenerasyon an.
<b>nebula</b>	<b>nebilez</b>	Gwo nye gaz ak pousyè entèstelè ki efondre sou li nye a akòz pwòp gravite li, epi ki fòme yon objè cho ak kondanse k ap vin yon nouvo etwal.
<b>negative feedback system</b>	<b>sistèm retwo-aksyon negatif</b>	mekanis retwo-aksyon entèn kote yon sibstans retransmèt pou bloke siyal orijinal la epi pou diminye pwodiksyon yon sibstans; pami egzanp yo, genyen òmòn yo nan sistèm andokrinyen an.
<b>nephron</b>	<b>nefwon</b>	inite filtraj endividyèl ren yo.
<b>net force</b>	<b>fòs nè</b>	Se sòm vektoryèl tout fòs sou yon objè.
<b>neurons</b>	<b>newòn</b>	inite debaz estrikti ak fonksyon sistèm nève a; li mennen enpilsyon yo toupatou nan sistèm nève a; li konpoze avèk dandrit, yon kò selilè, epi ak yon aksòn.
<b>neurotransmitters</b>	<b>newotransmetè</b>	sibstans chimik ki degaje nan yon aksòn ki gaye ant yon sinaps ak pwochen dandrit newòn nan pou kòmanse yon nouvo enpilsyon.
<b>neutral</b>	<b>net</b>	Se yon atòm avèk nwayo li ki gen chaj pozitif epi nwayo a ekilibre egzakteman chaj negatif elektwon ki nan antouraj li yo.
<b>neutron</b>	<b>netwon</b>	Se yon patikil sibatomik net nan nwayo yon atòm ki gen yon mas prèske egal ak mas yon pwoton.
<b>neutron star</b>	<b>etwal a netwon</b>	Nwayo dans ak efondre yon etwal ki fòme vit pandan kouch ekstèn li yo ap tonbe andedan, ki gen yon reyon 10 kilomèt apeprè, yon mas 1.5 a 3 fwa mas solèy la epi ki gen netwon sèlman.
<b>Newton's first law</b>	<b>premye lwa Nyouton</b>	Endike yon objè ki an repo ap rete an repo, epi yon objè ki an mouvman ap kontinye deplase sou yon liy dwat avèk yon vitès konstan, si sèlman fòs nè k ap aji sou objè a se zewo.
<b>Newton's second law</b>	<b>dezyèm lwa Nyouton</b>	Endike akselerasyon yon objè pwopòsyonèl avèk fòs nè a epi akselerasyon an pwopòsyonèl alenvens avèk mas objè k ap akselere a.

<b>Newton's second law for rotational motion</b>	<b>dezyèm lwa Nyouton pou mouvman wotasyon</b>	Endike akselerasyon angilè yon objè pwopòsyonèl avèk moman tansyon nè a epi li pwopòsyonèl alenvès avèk moman inèsi a.
<b>Newton's third law</b>	<b>twazyèm lwa Nyouton</b>	Endike tout fòs yo vini an pè epi de (2) fòs nan yon pè aji sou objè diferan epi de (2) yo egal men yo gen direksyon opoze.
<b>niche</b>	<b>nich ekolojik</b>	wòl oswa pozisyon yon espès genyen nan anviwònman li; li gen ladan tout entè-aksyon byotik ak abyotik lè yon zannimo satisfè bezwen li pou siviv ak repwodiksyon.
<b>nitrogen fixation</b>	<b>fiksasyon azòt</b>	Pwosesis ki konvèti gaz azòt an nitrat ki itil nan byoloji.
<b>noble gas</b>	<b>gaz nòb</b>	Yon eleman 8A ki pa reyaktif ditou.
<b>node</b>	<b>ne</b>	Pwen estasyonè kote de (2) enpilsyon sonò rankontre, yo nan menm pozisyon, epi deplasman yo se zewo.
<b>nonmetals</b>	<b>metaloyid</b>	Eleman ki se anjeneral gaz oswa solid ki pa poli oswa ki ka kase; eleman sa yo se move kondiktè chalè ak elekrisite.
<b>nonrenewable resource</b>	<b>resous non-renouvlab</b>	Resous ki egziste nan kwout tè a an kantite fiks epi ki ka ranplase sèlman nan pwosesis jeyolojik, fizik oswa chimik ki pran anpil milyon ane.
<b>normal</b>	<b>nòmàl</b>	Dwat nan yon dyagram reyon ki montre direksyon baryè a epi ki desine nan yon ang ki dwat oswa pèpandikilè a baryè a.
<b>normal force</b>	<b>fòs nòmàl</b>	Fòs kontak pèpandikilè yon sifas egzèsè sou yon lòt objè.
<b>normals</b>	<b>nòmàl</b>	Valè estanda pou yon pozisyon; avèk tou nivo presipitasyon, vitès van ak tanperati, selon estatistik metewolojik ki akimile pandan omwen 30 tan.
<b>nuclear equation</b>	<b>ekwasyon nikleyè</b>	Yon kalite ekwasyon ki montre nonm atomik ak nonm mas patikil ki konsène yo.
<b>nuclear reaction</b>	<b>reyaksyon nikleyè</b>	Yon reyaksyon ki lakòz yon chanjman nan nwayo yon atòm.
<b>nucleic acid</b>	<b>asid nikleyik</b>	Yon polimè byolojik ki gen azòt; li pèmèt estokaj ak transmisyon enfòmasyon jenetik.
<b>nucleotides</b>	<b>nikleyotid</b>	sou-inite asid nikleyik ki fòme nan yon sik senp, yon gwoup fosfat ak yon baz azote.

<b>nucleus</b>	<b>nwayo</b>	Sant yon atòm ki piti anpil, ki dans epi ki gen chaj pozitif; nan sant sa a, gen pwoton ki gen chaj pozitif, netwon net; se espas vid ki antoure sant lan; atravè espas la, gen youn oswa plizyè elektwon ki gen chaj negatif k ap deplase.
<b>nymph</b>	<b>nenf</b>	etap metamòfoz enkonplè kote yon ensèk ki sòti nan yon ze gen menm aparans jeneral avèk ensèk adilt la, men li pi piti epi li pa gen matirite nan sèks.